



Pou Piblikasyon Imedya: 16/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SIBVANSYON 500,000 DOLA AK PATENARYA AVÈK IMG POU SIPÒTE ESTILIS ENDEPANDAN YO PANDAN SEMÈN MÒD NEW YORK LA**

***Semèn mòd New York la mete aksan sou re-ouvèti ekonomik san danje ak rekiperasyon kapital mòd Etazini***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon patenarya avèk IMG pou aplike yon pwogram sibvansyon 500,000 dola pou ede ti estilis ki endepandan yo avèk sibvansyon 50,000 dola chak pou konpanse kèk depans pwodiksyon defile Semèn Mòd New York yo a pou sezon septanm 2022 a. IMG pral aplike ak jere yon pwosesis aplikasyon pou yon seleksyon dis benefisyè sibvansyon sou baz yon seri kritè ke IMG prepare an patenarya avèk Empire State Development.

"Semèn mòd la se yon selebrasyon wòl New York kòm kapital mòd monn lan, k ap atire ak enspire yon seri talan kreyatif ki san parèy", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap reprann nou apre pandemi an, li esansyèl pou nou priyorize rekiperasyon youn nan endistri ki pi eksitan ak dinamik nan New York. Nan fè patenarya avèk ti estilis ki pi bon ak endepandan nan New York yo, n ap ranfòse ekonomi nou an ak sipòte devlopman dinamik nan endistri enpòtan sa a".

Pwogram sibvansyon an pral ede sipòte retou dinamik endistri mòd New York la apre COVID-19, atire ak kenbe talan mòd New York ak pèmèt plis ti estilis ki endepandan nan New York yo patisipe nan efò rekiperasyon yo. Opòtinite pou kòmanse nouvo koleksyon yo pou achtè, medya, endistri ak piblik konsomatè yo alimante siksè kontinyèl biznis estilis mòd yo nan kapital mòd Etazini an.

Sektè piblik ak prive yo ap travay ansanm pou sipòte ti biznis ki afekte yo pandan y ap restore ak kreye nouvo djòb pou Nouyòkè yo. Endistri mòd, komès ak kreyatif la ansanm reprezante yon motè ekonomik kle pou Eta New York ke pandemi COVID-19 la te afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl. Anvan pandemi COVID-19 la, endistri mòd nan Vil New York la te anplwaye 4.6 pousan mendèv vil la, sa ki jenere anviwon 11 milya dola nan salè total yo. Gouvènè a te patisipe nan espektak Proenza Schouler nan vandredi 11 fevriye pou mete aksan sou kontribisyon endistri a nan ekonomi eta a.

**Komisè, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Vil New York se nanm kreyatif ak motè ekonomik endistri

mòd la. Patenarya Gouvènè Hochul avèk IMG pou aplike pwogram sibvansyon sa pral bay yon gwoup ti estilis endepandan aksè nan pis la pandan Semèn Mòd la, ki an retou pral sipòte tout yon rezo konseptè ak biznis, soti nan tayè rive nan pèsonèl sipò a, ki se nwayo vital estil siyati New York".

**Prezidan Evènman ak Pwopriyete Mòd IMG a, Leslie Russo, te deklare,** "Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Eta New York pou patenarya kontinyèl yo nan inisyativ nou yo pou sipòte kominote mòd New York la. Eta nou an ilistre lidèchip nan rekiperasyon global anba pandemi COVID-19 la epi se akòz oryantasyon yo ke nou te kapab ede endistri a rekonstwi apre enpak devastatè pandan de ane pase yo. Kolabore avèk Empire State Development pral divèsifye plis vwa Semèn Mòd New York la ak asire nou kontinye ankouraje nouvo jenerasyon talan yo epi reprezante mòd Ameriken an sou sèn mòd global la pou plizyè ane alavni".

Nan septanm 2021, IMG te fòme Alyans Mòd IMG (IMG Fashion Alliance) pou kreye yon poto angilè pou revitalizsyon Semèn Mòd New York la an repons ak pandemi COVID-19 la epi bay sipò, finansman ak resous pou yon gwoup mak estilis endepandan Semèn Mòd New York la jiska 2022. Nouvo sibvansyon sa ke Eta New York finanse pral ede bay sipò siplemantè pou plis estilis endepandan ki baze nan New York.

Semèn Mòd New York: Espèktak yo ap fèt sezon sa soti 11-16 fevriye, an dirèk depi nan Spring Studios nan ba Manhattan, epi se evènman santral ofisyèl Semèn Mòd New York la. Prè vaksinasyon COVID-19 konplè, sa gen ladan atravè Excelsior Pass, Excelsior Pass Plus oswa metòd verifikasyon altène, obligatwa nan tout evènman NFYW: Evènman Shows fevriye sa.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418